

Lwa Every Student Succeeds Act (ESSA). . .

Yo adopte nan ane 2015, se lwa federal prensipal ki detèmine edikasyon elèv ki nan klas matènèl jiska klas 12yèm ane. Pami lòt bagay yo, ESSA egzije distri lekòl yo pou yo toujou bay paran yo ak responsab legal yo enfòmasyon sou dwa yo epi pou yo bay paran ak responsab legal Elèv k ap aprann anpil lang/Elèv k ap aprann Lang Anglè (MLL/ELL) opòtinite pou yo patisipe nan edikasyon pitit yo. Pou fè sa, distri lekòl yo dwe bay paran ak responsab legal MLL/ELL¹ yo enfòmasyon sou fason paran yo ak responsab legal yo kapab vin patisipan aktif nan ede pitit yo avèk sa ki endike anba la yo:

- Fason pou rive nan nivo konpetans nan lang Anglè;
- Fason pou rive nan nivo wo yo nan matyè akademik debaz yo nan yon edikasyon ki byen ekilibre; epi
- Fason pou satisfè nòm matyè akademik leta ak nòm siksè akademik yo egzije tout elèv yo pou yo satisfè.

¹ Tèm federal pou MLL/ELL yo se “English Learner” (elèv k ap aprann lang Anglè (ki abreje souvan kòm EL).

ESSA egzije distri lekòl yo tou pou . . .

yo chèche jwenn remak ak kòmantè paran ak responsab legal nan devlopman ak evalyasyon pwogram edikasyonèl MLL/ELL li yo, tankou pou fè paran yo ak responsab legal yo konnen dwa yo pou gen reyinyon regilye pou objektif sa a. Epi tou, règleman Manm Komisyon an egzije distri yo pou yo rankontre avèk paran MLL/ELL yo ak responsab legal yo omwen yon fwa chak ane pou diskite sou matyè akademik pitit yo ak sou pwogrè elèv yo fè nan lang ak sou bezwen yo. Sa a se yon diplis sou lòt reyinyon ki obligatwa yo anjeneral, tankou konferans pwofesè-paran yo ki pwograme regilyèman.

Answit . . .

Nan Eta New York nan apre premye idantifikasyon pitit ou kòm yon MLL/ELL, distri a dwe bay enfòmasyon tou sou sa ki endike anba la a pa pita pase dis jou apre enskripsyon an:

- Fason yo te detèmine pitit ou kòm yon MLL/ELL, nivo konpetans pitit ou nan lang Anglè, fason yo te evalye li, ak sitiyasyon/pwogrè siksè akademik li.
- Metòd enstwiksyon yo itilize nan pwogram edikasyon pitit ou ak nan lòt kalite pwogram ki disponib yo, tankou fason pwogram sa yo diferan nan kontni yo, objektif enstwiksyon yo, ak itilizasyon Anglè ak enstwiksyon nan lang pitit ou pale lakay li. Paran yo dwe resevwa konsèy alekri sou fason pou yo chwazi yon pwogram oswa metòd enstwiksyon, si yo ofri plis pase youn.

Nan Eta New York, yo ka bay enfòmasyon sa yo nan yon sesyon oryantasyon kalite siperyè ak obligatwa pou paran yo ki fèt apre yo idantifye pitit ou kòm MLL/ELL²

Distri lekòl la dwe bay enfòmasyon sou:

- Fason pwogram edikasyon pitit ou pral satisfè pwen fò ak bezwen edikasyonèl li yo;
- Fason pwogram edikasyon

